QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASI'
XALI'Q BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGI

No'kis q. A.Dosnazarov к. 62 u'y, tel: 8 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 222-98-30,
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

20 - апрель 2021 j. 01-04/03-2006 - sanli

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Прокуроры орынбасары**
**Р.И.Бауаддиновқа**

Сизиң, 2021-жыл 14-апрель күнги 10.2/4-133513-21-санлы хатыңыз бенен Қарақалпақстан Республикасы Прокурорының атына Хожели районы "Саманкөл" АПЖ аймағында жасаўшы пуқара Ж.Сабировтың Хожели районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 29-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң бос турған деп аталған 3000 м2 жер майданынан спорт комплекс-футбол майданшасын қурыў ушын ажыратыўды сорап жазған мүрәжаты бойынша төмендигилерди мәлим етип билдиремиз.

Хожели районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы "Нурлы жол" МПЖ аймағында жайласқан 29-санлы улыўма орта билим бериў мектеби 2009-жылы 320 оқыўшы орынға мөлшерленип қурылған болып, бүгинги күнде 409 оқыўшы билим алып келмекте.

"Нурлы жол" МПЖ аймағында бүгинги күнде хожалықлар саны 630, шаңарақлар саны 814, 7 жасқа шекемги балалар саны 714, қоңсы АПЖ ҳәм МПЖ аймақларынан келип оқыйтуғын оқыўшылар саны 196 ны қурайды, Бул өз гезегинде келеси жылларда 29-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде оқыўшылар саны қуўатлылығына қараған көбейип кетиў итималы жоқары екенлигин көрсетпекте.

Ҳәзирги күнде Хожели районы 29-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде бос турған жер майданлары жоқ екенлигин, бос турған жер майданлары деп аталған жерлерден спорттын футбол, баскетбол волейбол ҳәм әскерий шақырыққа шекемги майданшалары ушын мақсетли пайдаланылмақта. Буннан тысқары, усы мектепте келеси жылларда оқыўшылар санының қуўатлығына қараганда асып кетиўин есапқа алып қосымша имарат қурыў ушын пайдаланылады.

Егерде бос турған жер майдан ҳәм бос турған имаратлар болған жағдайларда Өзбекистан Республикасы Президентиниң «Халық билимлендириў дизиминде басқарыўдың жаңа принциплерин енгизиў ис-илажлары ҳаққында»ғы 2018-жыл 5-сентябрьдеги ПҚ-3931-санлы Қарарының 10-бәнди ҳәмде Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 26-27-июнь күнлери Наманган ўәлаятына сапары даўамында берилген тапсырмалар ҳәмде өткерилген мәжлис баянламасының 100-бәндинде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, Ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери тәрепинен билимлендириў шөлкемлери ҳәм мекемелериниң имаратларын ҳәм жер майданларын халық билимлендириў тараўынан басқа мақсетлерде пайдаланыў юридикалық ҳәм физикалық шахсларға берилиўи қатаң шекленгенлиги көрсетилип өтилген.

Жоқарыдағыларды есапқа алып Сизге, Хожели районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 29-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде бүгинги күнде бос турған жер майдалар ҳәм имаратлар жоқ екенлигин мәлим етип билдиремиз.

**Министр** **Р. Реимов**

Таярлаған: Д.Сарыбаев
Тел: (61) 222-95-13